

Travayè Agrikòl yo Lwa sou Pratik Travay Ekitab

ENFÒMASYON ENPÒTAN POU TRAVAYÈ AGRIKÒL YO: Apati 1ye janvyè 2020, Lwa sou Pratik Travay Ekitab la bay pwoteksyon enpòtan pou travayè agrikòl yo, tankou nouvo egzijans pou bay yo asirans ak lòt chanjman ki gen rapò ak konpansasyon travayè, avantaj pou andikap, ak Konje Peye pou Fanmi. Li pou w ka konprann avantaj ak dwa ou yo.

Konpansasyon Travayè pou chòk oswa maladi nan travay la

Konpansasyon travayè bay avantaj pou w rekipere salè ou pèdi ak swen sante si w ta pran yon chòk oswa maladi poutèt travay ou. Anjeneral, tout anplwaye yo kouvri pou konpansasyon travayè.

Avantaj pou Salè ki Pèdi

Avantaj pou salè ki pèdi nan konpansasyon travayè se de-tyè (2/3) salè mwayen pa semèn ou (average weekly wage, AWW) multipliyè pa degre andikap ou a, ki se yon pousantaj konbyen ou andikape (yon pwofesyonèl medikal Komite a otorite detèmine). Pou konpansasyon travayè, AWW ou a baze sou salè brit ou, ki gen ladan lè siplemantè ak lòt konpansasyon, pou 52 semèn anvan dat chòk oswa maladi ou a.

De-tyè (2/3) AWW ou multipliyè pa pousantaj andikap ou a = avantaj chak semèn

Remak: Yo pa mete taks sou avantaj pou salè ki pèdi nan konpansasyon travayè.

Minimòm avantaj pou salè ki pèdi chak semèn nan se 150 dola, epi maksimòm avantaj la baze sou ane ou te pran chòk oswa tonbe maladi la. Yo kalkile maksimòm avantaj chak semèn nan chak 1ye jiyè epi li baze sou Salè Mwayen pa Semèn Eta a (Statewide Average Weekly Wage, SAWW), yo detèmine nan Depatman Travay Eta New York.

Dat chòk la/maladi a:	Montan Maksimòm
1ye jiyè 2019 - 30 jen 2020	\$934.11
1ye jiyè 2018 - 30 jen 2019	\$904.74
1ye jiyè 2017 - 30 jen 2018	\$870.61
1ye jiyè 2016 - 30 jen 2017	\$864.32
1ye jiyè 2015 - 30 jen 2016	\$844.29
1ye jiyè 2014 - 30 jen 2015	\$808.65

Gen kèk restriksyon sou avantaj salè ki pèdi nan travay selon kantite jou travay ou te manke:

- **Sèt (7) jou oswa mwens:** Ou pa resevwa avantaj salè ki pèdi nan konpansasyon travayè.
- **Uit (8) a 14 jou:** Ou resevwa avantaj salè ki pèdi nan konpansasyon travayè nan uityèm jou ou manke a.
- **15 jou oswa plis:** Ou ka resevwa avantaj salè ki pèdi nan konpansasyon travayè apati premye jou ou manke travay la.

Avantaj pou Tretman Medikal

Konpansasyon travayè bay ou tretman medikal pou yon chòk oswa maladi ki gen rapò ak travay nan men founisè Komisyon an otorize gratis, pou tout vi ou. Y ap garanti tretman sa a kit ou pèdi lè travay ou pa, oswa w ap resevwa avantaj pou salè ki pèdi. Konpayi asirans patwon ou (oswa patwon ou, si yo bay tèt yo asirans) ap peye founisè swen sante yo dirèkteman pou bòdwo medikal ki gen rapò ak chòk oswa maladi ou a; ou pa bezwen peye ak lajan nan pòch ou. Epitou, yo ka ranbouse ou pou kantite mil ou te kondwi, transpò piblik, oswa lòt depans ou te fè lè w ap vwayaje pou tretman.

Avantaj pou Andikap pou chòk oswa maladi nan travay ou a

Avantaj pou andikap (Disability benefits, DB) bay lajan kach tanporè lè ou pran yon chòk oswa tonbe malad deyò travay ou epi ou pa ka travay. Pifò anplwaye k ap travay nan Eta New York pou patwon prive yo kouvri anba DB apre kat (4) semèn nan travay la. Patwon piblik yo ka kouvri anplwaye pa yo si yo chwazi fè sa.

Avantaj Lajan Kach

Avantaj DB yo se 50% AWW ou, jiska yon maksimòm \$170.00 pa semèn. Pou DB, AWW a baze sou salè pou uit (8) semèn travay anvan dènye jou ou te travay la. Y ap peye pou avantaj jiska 26 semèn andikap pandan 52 semèn youn dèyè lòt. Gen yon peryòd atant sèt (7) jou pou avantaj yo; avantaj yo kòmanse sou uityèm jou apre andikap la. Avantaj lajan kach DB yo ap gen taks sekirite sosyal sou yo.

Konje Peye pou Fanmi: pou pran swen fanmi ou lè ou nan bezwen

Konje Peye pou Fanmi (Paid Family Leave, PFL) bay bay konje peye pandan travay yo pwoteje yo kapab:

- **Kreye lyen** ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun yo fenk adopte, oswa timoun yo fenk resevwa nan fwaye dakèy,
- **Pran swen** yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav, oswa
- **Ede** pwòch ou lè yo voye yon mari, madanm, moun ki plase, pitit, oswa paran aletranje nan sèvis militè aktif.

Ou dwe satisfè sèten kondisyon pou pran PFL: anplwaye a plen tan yo dwe te travay pou patwon yo pou 26 semèn youn apre lòt; anplwaye a tan pasyèl dwe te travay pou patwon yo pou 175 jou, ki pa bezwen youn apre lòt.

Avantaj pou Konje ak Salè

Avantaj salè PFL sla e yon pousantaj AWW ou a, jiska menm pousantaj SAWW la. Pou PFL, AWW a se mwayèn uit (8) dènye semèn salè ou avan ou kòmanse PFL la, epi sa gen ladan bonis ak komisyon yo.

Avantaj pou konje ak salè yo ap ogmante ti kras pa ti kras depi an 2018 epi yo pral rive nan avantaj konplè an 2021.

ANE	SEMÈN KONJE	AVANTAJ
2020	10 semèn	60% AWW anplwaye a, jiska 60% SAWW
2021	12 semèn	67% AWW anplwaye a, jiska 67% SAWW

Dwa ak Pwoteksyon

- Ou gen pwoteksyon travay pandan w ap pran PFL, ki asire ou gen dwa retounen nan menm djòb la (oswa youn ki prèske menm nan) lè ou soti nan konje.
- Asirans sante ouap kontinye pandan nan konje nan menm kondisyon tankou si ou te kontinye travay. Si ou peye yon kontribisyon nan asirans sante ou, ou dwe kontinye peye kontribisyon ou a pandan ou nan konje.
- Patwon ou pa gen dwa fè diskriminasyon oswa reprezaykont ou paske ou te mande oswa pran PFL.

Finansman pou Konje Peye pou Fanmi

Depatman Sèvis Finansye finance Konje Peye pou Fanmi nan kontribisyon pewòl anplwaye yo mete apa chak ane pou kouvri depans pou pwoteksyon an. W ap jwenn to kontribisyon nan moman an nan [PaidFamilyLeave.ny.gov/cost](https://www.paidfamilyleave.ny.gov/cost).

Egzanpsyon Pwoteksyon

Si ou se yon anplwaye a tan pasyèl oswa pa sezon, ou ka kalifye pou yon egzansyon pou w pa bezwen gen pwoteksyon sa a. Ou kalifye pou yon egzansyon si ou:

- travay yon orè regilye mwens pase 20 èdtan pa semèn epi ou pa pral travay 175 jou nan yon ane, oswa
- travay yon orè regilye 20 èdtan oswa plis pa semèn, men ou pa pral travay pou 26 semèn youn dèyè lòt nan menm travay la.

Patwon ou dwe ofri w yon egzansyon si ou kalifye. Si ou renonse pwoteksyon, ou pa pral fè kontribisyon epi lip ap kalifye pou avantaj Konje Peye pou Fanmi yo. Si orè ou chanje kote ou vin pa kalifye ankò pou yon egzansyon, yo pral anile egzansyon ou a otomatikman. Epi tou, ou ka chwazi anile yon egzansyon nenpòt ki lè.

WCB.NY.GOV | AVANTAJ POU KONPANSASYON
(877) 632-4996 | TRAVAYÈ AK ANDIKAP

PAIDFAMILYLEAVE.NY.GOV | KONJE PEYE
(844) 337-6303 | POU FANMI



Workers'
Compensation
Board